# JUP SÓZLERDIŃ FONETIKALÍQ ÓZGESHELIKLERI

**Q.A. Bekbergenov,**
*Filologiya ilimleriniń kandidatı, Ózbekstan ilimler Akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim izertlew institutınıń úlken ilimiy xızmetkeri*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.18902429

***Annotaciya:*** *Jup sózlerdiń jasalıwında uyqas, alliteraciya, assonans, dissonans, birdey affirslerdiń qaytalanıwı hám almasıwı usaǵan fonetikalıq nızamlılıqlar úlken áhmiyetke iye. Qaraqalpaq tilindegi jup sózler kóbinese bir buwınlı, eki buwınlı hám úsh buwınlı bolıp keledi. Ayırım dawıssız sesler jup sózlerdiń jasalıwında qatnasadı.*

***Аннотация:*** *В образовании парных слов важное значение имеет фонетические закономерности, такие как рифма, аллитерация, ассонанс, диссонанс, аффиксальный повтор, субституция. В каракалпакском языке в основном встречаются односложные, двусложные и трехсложные парные слова. Некоторые согласные участвуют в образовании парных слов.*

***Abstract:*** *Phonetic patterns such as rhyme, alliteration, assonance, dissonance, affixal repetition, and substitution are important in the formation of paired words. In the Karakalpak language, paired words are predominantly monosyllabic, disyllabic, and trisyllabic. Some consonants are involved in the formation of paired words.*

***Tayanish sózler:*** *qospa sózler, jup sózler, bir buwinlı jup sózler, eki buwınlı jup sózler, úsh buwınlı jup sózler, jup sózlerdi jasawshı sesler.*

***Ключевые слова:*** *сложные слова, парные слова, односложные парные слова, двусложные парные слова, трехсложные парные слова, согласные-модификаторы в парных словах.*

***Key words****: compound words, paired words, monosyllabic paired words, two-syllable paired words, three-syllable paired words, modifier consonants in paired words.*

Jup sóz eki komponentten turadı hám aytılıwda pát hár komponentke de túsedi. Jup sózdiń komponentleri fonetikalıq jaqtan kóbinese óz ara únles bolıp, hátteki buwın sanları da kóbinese biri-birine jaqın keledi, sonlıqtan da jup sóz sóylewge ıqshamlı, qonımlı hám tutas bir pútin bolıp aytıladı.

Jup sóz komponentleriniń biri biri menen úylesip keliwinde hár qıylı fonetikalıq nızamlılıqlardı bayqawǵa boladı [1]. Bunday nızamlılıqlardı úyreniw jup sózlerdiń jasalıwındaǵı, qáliplesiwindegi hár qıylı ózgesheliklerdi anıqlawǵa járdem etedi. Olar tiykarınan, tómendegilerden ibarat:

**Uyqas (rifma).** Geyde buwın sanları teń bolıp kelgen ayırım sózlerde komponentleriniń keyingi buwınları yamasa sesleri biri birine uyqasıp qollanıladı. Bunday uyqas túbir sózlerde (*ata-ana, emin-erkin, anaw-mınaw*) hám dórendi sózler arasında da boladı (*júris-turıs, ersili-qarsılı*). Dórendi komponentlerdegi uyqas olardaǵı birgelkili affikslerge de baylanıslı boladı. Mısallar: *Amanlıq-esenlik* sorastı (T.Qayıpbergenov). Biz nege usı *oylasıq-keńesikti* atızdıń ortasında qurmaymız?

**Alliteraciya**. Bul qubılıs jup sózlerdiń basım kópshiligine tán. Ol jup sóz komponentleriniń birinshi dawıssız sesleriniń únlesliginen jasaladı. Jup sózlerdegi bunday alliteraciya olardı uyqasıqlı, úylesimli, kórkem hám tutas bir pútin etip kórsetedi. Mısallar: *Túr-túsi* quwarıp ketipti (Ó.Xojaniyazov). Ullı qızıq *toy-tamasha* oyında (Kúnxoja). Keshki awqattı shala-sharpı jedim de tez kiyindim (I.Qurbanbaev). Olar *qoyın-qoltıǵına* tıǵıp jasırıp jarım-jartı zaǵaraların da jep qoyǵan (J.Aymurzaev). Ótken isiniń hesh bir *kemis-qutıǵı* joqtay (Ó.Xojaniyazov).

**Assonans.** Jup sóz komponentlerinde bir qıylı dawıslılar tákirarlanıp onıń jeńil aytılıwına sebepshi boladı: a) komponentleri dawıslılardan baslanadı. Mısallar: Qıyın boldı bizlerdey *ash-arıqqa* (Omar). *Azap-aqıret* ómirinshe kórsetip (Kúnxoja). *Aqır-aqıbeti* boldı uwayım (Omar); b) komponentlerdegi tek keyingi dawıslılardıń qaytalanıwı: *Barı-joǵı* tek eki chaynik edi (Ó.Xojaniyazov). *Ushı-qıyırı* kóz jetpes dalańlıq (T.Xalmuratov); v) eki komponenttegi dawıslılar tolıq tákirarlanadı. Bunday komponentlerdiń buwın sanları kóbinese teń boladı. Mısalı: *Aldı-artına* qaraydı (Kúnxoja). Ne degen *ishek-sileńdi* qatıradı deseń-shi (T.Xalmuratov).

**Dissonans.** Bul jaǵdayda jup sóz komponentlerindegi dawıssızlar únlesip keledi. Dissonans úsh túrde ushırasadı: a) komponentlerindegi dawıssızlar tolıq qaytalanadı. Mısalı: Ózleriniń onsha *tákir-túkir* menen isi joq kórinedi (T.Qayıpbergenov). Jılgeldi *ǵabır-ǵubır* tez juwınıp boldı (Ó.Xojaniyazov); b) eki komponenttiń baslapqı dawıssızları hár qıylı, tek keyingi dawıssızları birdey: *bireń-sarań, tabaq-qasıq, bıǵan-jıǵan*. Mısallar: Degen menen *bireń-sarań* xoshjaqpaslar da tabılar (Ó.Xojaniyazov). Sende *izzet-húrmet* degennen dáneńe joq (G.Izimbetov); v) birinshi komponenttiń birinshi sesi – dawıslı, ekinshisi – dawıssız, al qalǵan sesler tákirarlanadı: Adamlar *apır-tapır* jabırlasıp jurnalǵa úńildi (Ó.Xojaniyazov). Ekewimiz *apaq-shapaq* boldıq ta qaldıq (T.Xalmuratov).

**Birdey affikslerdiń qaytalanıwı**. Bir affiks jup sózdiń eki komponentinde tákirarlanadı. Mısallar: Jolıńa qarayman *erteli-keshli*, Kúnnen de shıraylı, aydan ráwishli, Ay júzlim, pal sózlim, *aqıllı-esli* Inkárim, dilbarım, nege kelmedi (Ájiniyaz). *Onnan-bunnan* qardar jigitler keldi (Omar). Sóytip, *kóplep-kómeklep* kópirdi háp zamatta qaytadan salıp boldı (Ó.Xojaniyazov).

**Substituciya (Almasıw)**. Jup sózlerdegi substituciya qubılısı tómendegi tiplerde ushırasadı: a) birinshi komponenttiń birinshi sesi – dawıslı ses boladı, al ekinshi komponentte sol sózdiń aldına dawıssız ses qosıladı. Mısallar: Men *ún-túnsiz* ele otırman (G.Izimbetov). Jılgeldi murtlash *ıń-jıń* demesten oylanıp otırdı (Ó.Xojaniyazov); b) birinshi komponenttiń birinshi sesiniń ornına ekinshi komponentte basqa ses esitiledi. Mısallar: *Ayqush-uyqısh* jollar (I.Qurbanbaev).

Málpeydiń kempiri *shır-pırı* shıqtı (Ó.Xojaniyazov); v) birinshi komponenttegi dawıslılardıń ornına ekinshi komponentte basqa dawıslılar qollanıladı. Bul jaǵdayda ekinshi komponentte birinshi komponenttiń tek bir dawıslısı ózgeredi (*taq-tuq, tars-turs, shart-shurt, taqur-tuqır*) yamasa komponentler biri birinen tek dawıslılardıń hár qıylılıǵı menen ǵana ajıratıladı (*dańǵır-dúńgir, astı-ústi*); g) birinshi komponenttiń birinshi dawıssızı ekinshi komponentke basqa dawıssızǵa almasadı. Sonday-aq ondaǵı dawıslınıń birewi de basqa dawıslıǵa ózgeredi: *kún-tún, mayda-shúyde*; d) birinshi komponenttiń birinshi sesi dawıslı boladı, ekinshi komponentte onıń ornına basqa dawıslı keledi hám onıń aldında dawıssız qollanıladı. Mısallar: Dawısı da gúrildep *anaw-mınaw* kisini ádewir seskendiredi (A.Áliev). Aldımnan *olay-bulay* adamlar ótedi (T.Qayıpbergenov). *Óyer-búyerimdi* sıypayman (K.Sultanov).

Buwın sanları hár qıylı komponentlerden quralǵan jup sózlerdiń bir qatarlarında birinshi komponent ekinshi komponenttiń baslapqı bólegi bolıp keledi: *keli-kelsap, mol-molaqay, jan-janıwar* hám t.b. Mısallar: Al endi paxtaǵa suwdı mol-molaqay etip berińiz (Ó.Xojaniyazov). Sóytip jay-jaywat qádem atıp, mashinasına qaray ketti (Ó.Xojaniyazov).

Bul kórsetilgen nızamlılıqlar, álbette, jup sózlerdiń barlıq fonetikalıq ózgesheliklerin sıpatlay almaydı. Mısalı, *awıl-el, qawın-ǵarbız, er-júwen, daw-jánjel* usaǵan jup sózlerde kórsetilgen fonetikalıq belgilerdiń hesh birin de kóriw múmkin emes. Sonlıqtan bulardı jup sózlerdiń kópshiligine tán, tek baslı fonetikalıq belgiler dep qaraw kerek. Olar jup sóz komponentleriniń uyqasımlı hám únles bolıp aytılıwı ushın xızmet etedi. Bul fonetikalıq qubılıslar jup sózlerde tek jekke-jekke emes, al geyde bir neshesi qosılıp birge beriledi. Bul jaǵdayda jup sózdiń pútinligi ele de kúshli bolıp keledi. Mısalı, rifma hám assonans: jaynap-jasnap, mauda-shúyde; rifma hám alliteraciya: qısılıp-qımırılıp, tırısıp-tırmasıp, terlep-tepship; rifma, alliteraciya hám assonans: ǵabır-ǵubır, qalǵan-qutqan, zorlıq-zombılıq.

Jup sóz komponentleriniń únles bolıp qollanılıwında olardıń buwın sanları da belgili xızmet atqaradı. Kópshilik jaǵdayda komponentlerdiń buwın sanları óz ara teń yamasa seslik qurılısı jaqın bolıp keledi:

<u>Bir buwınlı jup sózler</u>: ań-tań, taw-tas, ot-jem, shart-shurt, ot-jem, taq-tuq, jalt-jult, gáp-sóz, lám-lim, jer-kók hám t.b. Bir buwınlı komponentlerden jasalǵan jup sózler házirgi qaraqalpaq tilinde júdá az ushırasadı.

<u>Eki buwınlı jup sózler</u>: ara-tura, anda-sanda, dári-darmaq, bala-shaǵa, jekke-jarım, jawın-shashın hám t.b.

<u>Úsh buwınlı jup sózler</u>: juwırıp-jortıp, ersili-qarsılı hám t.b.

Jup sóz komponentleriniń buwın sanları hámme waqıtta teń buwınlı bola bermeydi, geyde olar hár qıylı bolıp ta kele beredi: a) birinshi komponent bir buwınlı, al ekinshi komponent eki hám úsh buwınlı jup sózler: el-xalıq, qız-jigit, ar-namıs, dos-yaran, bir-eki, jol-jónekey, ash-jalańash, saw-salamat; b) birinshi komponenti eki buwınlı, ekinshi komponent bir buwınlı: eki-úsh, awıl-el, hayal-qız; v) birinshi komponenti úsh buwınlı, ekinshi komponenti eki buwınlı jup sózler: erteli-kesh, aǵayin-tuwǵan, uyqılı-oyaw t.b.

Geypara jup sózlerdiń ekinshi komponentleriniń basında qosımsha sesler qollanıladı. Olar jup sóz komponentleriniń pútinligin, seslik jaqtan úylesimin buzbaytuǵın, al kerisinshe, olardı kúsheytip kórsetetuǵın seslerden ibarat boladı. Bunday qosımshalar qálegen seslerden bola bermeydi. Házirgi qaraqalpaq tilinde bunday sesler qatarına b, m, p, s, j, t, sh, d sesleri kiredi. Mısallar: B: Bir-eki kúnniń *ári-berisi* joq (Ó.Xojaniyazov); M: Ekewi ... *annan-mınnan* sóz qozǵap áńgimelesip otıra berdi (A.Áliev); P: Sol abat, ádil zamannıń *ushlıq-pushlıǵın*, úrim-putaǵımızdıń azat bolǵanıń kórip ketkeymiz dá! (K.Sultanov); S: Biraq úmit etken bul saparı da qurı shıqqan soń jigit *ar-sar* bolıp, muńayıp ján-jaǵına qaradı (K.Sultanov); J: Astındaǵı kórpesheni *umbar-jumbar* búrkeniw menen boldı (Sh.Seytov); T: Qabıl *ań-tań* bolıp Qurbanǵa ım qaǵıp kiyatır (K.Sultanov); Dáryanıń eki jaǵası uw-shuw bolıp atır (K.Sultanov); D: Maqset Qádirovichtiń shashı uwdar-duwdar bolıp ketti (I.Qurbanbaev).

Ayırım jup sózlerdiń ekinshi komponentleriniń aldına basqa ses qosılǵanda, onıń qalǵan sesleri de ózgeriske ushıraydı. Mısalı: Átirapımız *astan-kesten* boldı (T.Qayıpbergenov). Men saǵan bárin de *usaq-túsigine* shekem qaldırmay jazaman (T.Xalmuratov).

Jup sóz komponentlerinde, tiykarınan, tómendegi dawıslı seslerdiń almasıwları bayqaladı:

A-U: tars-turs, jalt-jult, shart-shurt, ǵarrı-ǵurrı, ayqısh-uyqısh, jaqın-juwıq, qatar-qurbı hám t.b.

A-E: arman-berman, azar-bezer, aǵıl-tegil, astan-kesten, sana-sezim.

A-O: azǵan-tozǵan, apır-topır.

Á-Ú: ájik-gújik, tákir-túkir.

O-U: ol-pul, olay-bulay.

A-Í hám Ú-I: astı-ústi, asıǵıp-úsigip, dańǵır-dúńgir.

E-I hám A-Í: ersili-qarsılı, keris-tartıs hám t.b.

Jup sózlerdiń birinshi komponentine geyde *-ı,-ıw* affiksleri jalǵanıp ta qollanıladı. Bul elementler shıǵısı jaǵınan tájik-parsı tillerindegi baylanıstırıwshı

dáneker bolıp esaplanadı. Olar qaraqalpaq tilindegi jup sózler menen qollanılǵanda komponentleriniń pútinligine hesh nuqsan keltirmeydi, kerisinshe, sol komponentlerdiń aytılıwdaǵı únlesligin kúsheytip kórsetedi. Kórsetilgen elementler ásirese revolyuciyaǵa deyingi qaraqalpaq shayırlarınıń tilinde jiyi ushırasadı. Mısallar: Kúnde-kúnde *qantıw-nabat* ashı bar (Kúnxoja). Kemlikten aǵardı *saqalıw-shashım* (A.Muwsaev). *Qıtayıw-qıpshaǵı*, halıńdı bilgil (Omar).

Solay etip, jup sózlerdegi bul kórsetilgen fonetikalıq ózgeshelikler, tiykarınan alǵanda, olardıń komponentleriniń biri birine uqsas, birgelki hám únles bolıp keliwi ushın xızmet etedi hám jup sózlerdi sóylewde qollanıwdı jeńillestiredi, olardı pútin hám kórkem etip kórsetedi.

**Ádebiyatlar:**

1. Абдурахманов Н. Парные слова в современном узбекском литературном языке. АКД. Ашхабад, 1962.
2. Кайдаров А. Парные слова в современном уйгурском языке. Алма-Ата, 1958.
3. Муратов С.Н. Устойчивые словосочетания в тюркских языках. М., ИВЛ, 1961.
4. Нажимов А. Қарақалпақ тилинде жуп ҳәм тәкирар сөзлер. Нөкис, 1979.